

Vaksen kont COVID-19 yo: Twazyèm Dòz pou Moun Ki Iminodeprime

Li rekòmande pou kèk moun ki iminodeprime yon fason modere rive grav (sa vle di yo gen yon sistèm iminitè ki afebli) resevwa twa dòz nan vaksen kont COVID-19 Pfizer oswa Moderna, olye de rejim de (2) dòz regilye a. Yo pa rekòmande dòz vaksen anplis yo pou nenpòt gwoup moun nan moman sa a.

Kimoun ki elijib pou yon twazyèm dòz?

Moun ki gen laj 12 ane oswa plis, ki genyen yon pwoblèm oswa ki ap pran medikaman oswa tretman ki afebli yon fason modere oswa grav sistèm iminitè yo, epi ki resevwa oswa vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a elijib pou yon twazyèm dòz.

Pwoblèm ak tretman yo gen ladan:

- Tretman aktif pou kansè
- Moun ki te resevwa yon transplan ògàn epi ki ap pran terapi iminodepresif
- Moun ki te resevwa yon transplan selil souch de (2) ane ki sot pase yo
- Iminodefisyans primè modere oswa grav
- VIH avanse oswa ki pa trete
- Tretman aktif avèk yon gwo dòz kòtikostewoyid oswa lòt dwòg ki afebli sistèm iminitè ou yon fason modere oswa grav

Sa se pa yon lis ki konplè. Rekòmandasyon pou yon twazyèm dòz la se pou moun ki genyen pwoblèm tankou sa yo ki nan lis anwo a epi se pa pou pifò moun ki gen pwoblèm medikal tankou dyabèt oswa maladi kè oswa poumon. Si ou genyen yon pwoblèm ki afekte sistèm iminitè ou oswa ou ap pran dwòg ki afebli sistèm iminitè ou, diskite avèk doktè ou si wi oswa non ou ta dwe pran yon twazyèm dòz.

Poukisa yo rekòmande yon twazyèm dòz?

Rekòmandasyon an baze sou etid yo ki montre ke vaksen yo pa mache trè byen pou kèk moun ki gen pwoblèm ki afekte sistèm iminitè yo konpare ak moun ki pa gen pwoblèm sa yo.

Kijan mwen ap konnen si mwen bezwen yon twazyèm dòz?

Ou ta dwe diskite sou pran yon twazyèm dòz avèk doktè ou. Doktè ou pral konsidere pwoblèm medikal ou yo, tretman ou ap resevwa, risk pou enfeksyon, ak lòt faktè yo. Pou kounye a, yo pa rekòmande tès antikò yo pou detèmine si wi oswa non ou genyen iminite (pwoteksyon) kont COVID-19.

Èske li san danje pou mwen pran yon twazyèm dòz?

Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a, ak ekspè endepandan yo te deside ke avantaj pran yon twazyèm la depase nenpòt risk moun konnen yo oswa risk potansyèl yo.

E moun ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson/Janssen lan?

Pou kounye a, moun ki iminodeprime yo epi ki te resevwa vaksen kont COVID-19 Johnson & Johnson lan pa elijib pou yon lòt dòz. Nou ap espere ke enfòmasyon anplis ap disponib nan yon tan ki pa long.

Kilè mwen ta dwe pran twazyèm dòz mwen an?

Ou ta dwe pran twazyèm dòz ou a omwen kat semèn apre dezyèm dòz ou a Ou ka pran yon twazyèm dòz kèlkeswa kantite tan ki te pase depi dezyèm dòz ou a.

Èske twazyèm dòz la dwe se menm mak vaksen ak premye de (2) dòz yo?

Yon twazyèm dòz ta dwe menm mak vaksen ak premye de (2) dòz yo, si sa posib. Si ou pa kapab pran menm mak vaksen an (Pfizer oswa Moderna), ou kapab pran lòt mak la (Pfizer oswa Moderna).

Ki kote mwen ka jwenn yon twazyèm dòz?

Ou kapab jwenn yon twazyèm dòz nan menm lokal ak lòt dòz vaksen yo, tankou sit vaksinasyon, famasi, lopital, sant sante kominotè Vil la ap jere yo, ak klinik doktè yo. Ou pa bezwen pran twazyèm dòz ou a nan menm sit kote ou te pran premye de (2) dòz ou yo. Pou ou jwenn yon sit vaksinasyon, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele 877-829-4692. Chèche yon sit ki ap ofri menm mak vaksen an kòm de (2) premye dòz ou yo (Pfizer oswa Moderna). Ou kapab pwograme vaksinasyon adomisil gratis lè ou vizite nyc.gov/homevaccine oswa lè ou rele nimewo ki anwo a.

Èske yon twazyèm dòz gratis?

Wi, yon twazyèm dòz gratis pou moun ki elijib. Si ou genyen asirans, yo gendwa voye fakti ba li men yo pa pral chaje ou yon kopeman oswa lòt frè.

Ki dokimantasyon mwen bezwen pou mwen pran twazyèm dòz la?

Yo pral mande ou ateste ke ou genyen pwoblèm medikal ki rann ou kalifye. Yo pap mande okenn lòt dokimantasyon.

Èske moun ki iminodeprime ka sispann pran lòt prekosyon apre yon fin resevwa yon twazyèm dòz?

Non. Moun ki iminodeprime yo anba risk anplis pou maladi grav akòz COVID-19 epi vaksen an gendwa travay pi byen pou kèk moun ki iminodeprime pase lòt. Pou rezon sa a, kèlkeswa sitiyasyon vaksinasyon ou, ou ta dwe kontinye tout prekosyon yo, gen ladan evite foul moun (espesyalman nan espas andedan yo) ak pote yon mask ak pratike distans fizik chak fwa ou deyò lakay ou. Epitou, li ekstrèmman enpòtan pou moun ki ap viv avèk, oswa ki an kontak regilyèman avèk, yon moun ki iminodeprime pran vaksen an.

Kisa moun ki iminodeprime yo ta dwe fè si yo genyen sentòm COVID-19 yo oswa si yo ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19?

Kèlkeswa sitiyasyon vaksen yo, moun ki iminodeprime ki genyen sentòm COVID-19 yo oswa ki ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19 ta dwe fè tès epi kontakte pwofesyonèl swen sante yo touswit pou diskite sou opsyon pou tretman antikò monoklonal ak prevansyon yo. Antikò monoklonal yo pi efikas plis yo bay yo pi bonè. Sepandan, tretman sa a pa yon ranplasan pou vaksinasyon. Pou plis enfòmasyon, konsilte [Tretman Antikò Monoklonal pou COVID-19](#).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

8.13.21